

BAB V

KACINDEKAN, SARAN JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Hasil anu kapaluruh tina ieu panalungtikan nya éta ngajawab rumusan masalah nya éta ngeunaan asal-muasal (kaasup peran jeung fungsi) seni *Beluk* di Désa Rancakalong, struktur pintonan seni *Beluk* di Désa Rancakalong, sarta analisis unsur sémiotik nu aya dina seni *Beluk* di Désa Rancakalong numutkeun kana ulikan sémiotik Charles Sanders Peirce jeung larapan hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca bahasan di SMA kelas XII.

Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta metode déskriptif Metode déskriptif. Lantaran dina métode déskriptif diébrehkeun sagala hal nu aya patalina jeung panalungtikan ti mimiti masalah nu jadi kasang tukang panalungtikan, dasar-dasar tiori nu ngadeudeulan masalah dina panalungtikan, nepi ka nganalisis tur ngébréhkeun hasil tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun, pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Téhnik ngumpulkeun jeung ngolah datana nyaéta ngagunakeun téhnik obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Anapon instrumén panalungtikan anu digunakeun nyaéta kaméra digital, *handphone* jeung pedoman wawancara.

Asal-muasal seni *Beluk* téh lahir tina budaya tatanén masarakat huma jaman baheula. Ciri has tina ieu kasenian nya éta ngagunakeun sora atawa vokal anu luhur. Lahirna seni *Beluk* ogé ayana pangaruh tina asupna lagu-lagu pupuh, dina taun 1.500-an, nalika Karajaan Padjadjaran runtag. Ieu kasenian tradisional téh hirup tur mekar kalayan miboga tujuan dina jalur kaislaman, aya patalina jeung para wali nyiptakeun 17 pupuh, ku kituna seni *beluk* mangrupa seni sora anu dijerona ngandung seni sastra, nya éta maca wawacan maké aturan pupuh. Asupna seni *Beluk* ka Désa Rancakalong dibawa ku nu ngaislamkeun Nusa Jawa nya éta Sunan Rohmat putrana Prabu Siliwangi, ku cara nembangkeun tembang buhun, ditembangkeun ku sora anu alus ku cara ngaelak-elukeun sora. Masarakat Désa Rancakalong salaku masarakat tatanén, nalika dina migawé di sawah sok bari ngabeluk, ieu dilakukeun pikeun nyingsieunan hama, lantaran sora ‘aeu’

Susi riska kelana, 2015

**SENI BELUK DI DESA RANCAKALONG KACAMATAN RANCAKALONG KABUPATEN SUMEDANG
PIKEUN BAHAN BANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dianggap sora sato. Peran jeung fungsi éta kasenian, di antarana fungsi kaagamaan, fungsi hiburan, fungsi média komunikasi pikeun masarakat, fungsi ngamumulé budaya jeung fungsi atikan.

Struktur dina seni *Beluk* nya éta aspék-aspék nu aya dina seni Beluk di antarana pamaén, pakéan/kostum, pakakas, sasajén, tempat jeung waktu sarta prak-prakan (bubuka, eusi pintonan jeung panutup). Struktur jeung penyajian dina pintonan seni *Beluk* kiwari ngalaman parobahan, ku lantaran beuki euyeubna média hiburan.

Tina hasil panalungtikan dina seni *Beluk* di Désa Rancakalong nu dianalisis ku ulikan sémiotik Charles, kapaluruh nya éta ikon, indéks jeung simbol anu nyampak. Ikon nu kapanggih dina pintonan seni *Beluk* Ikon dina seni Beluk téh aya 13, nya éta kupa, papais bodas, papais beureum, cau, gula beureum, kalapa, sisir, parukuyan, congcot, kamprét jeung iket. Indeks anu kapanggih dina seni Beluk téh aya dua, nya éta seni beluk jeung wawacan. Simbol anu kapanggih dina seni Beluk téh aya 23, nya éta puncak manik, leupeut, bubur bodas bubur beureum, dupi, ketan, tiwu, kekembangan, rurujakan, lembereun/seupaheun, cai kembang, roko surutu, bawang bodas bawang beureum, bungbuahan, bakakak hayam, minyak kalapa, kaca eunteung, menyan, hanjuang, dewegan, cai herang, cai kopi pait jeung cai kopi amis, congcot jeung iket.

Hasil panalungtikan ngeunaan struktural jeung sémiotik dina seni Beluk di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang bisa dijadikeun salasihiji alternatif bahan pangajaran basa Sunda, hususna di SMA kelas XII, anu diluyukeun jeung SKKD pangajaran basa Sunda, dilarapkeun dina matéri ngeunaan bahasan kasenian.

5.2. Saran

Dumasar kana hasil panalungtikeun anu geus dilaksanakeun, panalungtik baris nepikeun saranna, sangkan ieu kasenian anu ampir tumpur téh bisa tetep aya tur hirup sarta teu kalindih ku média hiburan nu modéren. Ku kituna, diperlukeun ayana régenerasi, ku prosés pewarisan ngaliwatan atikan forma jeung informal. Sangkan para generasi ngora mikacinta jeung ngamumulé warisan budaya luhung, husuna ngeunaan hal-hal nu patalina jeung seni *beluk*.

Susi riska kelana, 2015

**SENI BELUK DI DESA RANCAKALONG KACAMATAN RANCAKALONG KABUPATEN SUMEDANG
PIKEUN BAHAN BANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5.3 Rékomendasi

Ieu hasil panalungtikan ngeunaan seni *Beluk* di Désa Rancakalong Kacamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang bisa diteruskeun deui ku panalungtik saterusna. Ku kituna ieu sawatara rékoméndasi disusun pikeun pihak-pihak anu aya patali jeung ieu panalungtikan. Eta pihak-pihak téh nya éta:

- Pikeun mahasiswa, ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh ngeunaan kasenian tradisional, sarta bisa jadi référénsi dina panalungtikan-panalungtikan nu sarupa, boh kana kasenian séjénna. Lantaran dina ieu kasenian ogé loba kénéh hal-hal anu bisa ditalungtik.
- Pikeun guru, dipiharep bisa ngeuyeubab pangaweruhna, hususna dina ngamekarkeun alternatif bahan pangajaran maca bahasan kasenian.
- Pikeun siswa, dipiharep bisa mikawanoh kana kasenian tradisional anu aya di wewengkon sabudeureunna.
- Pikeun Masarakat, ieu panalungtikan ogé bisa jadi salah sahiji sarana pikeun masarakat mikawanoh kana kasenian tradisional anu aya di tatar Sunda, salasahijina kasenian *Beluk*.
- Pikeun lembaga pamaréntah widang kabudayaan, dipiharep sangkan leuwih bisa méré panitén anu leuwih sarta ngainventarisir kana kabudayaan, kususna kana kasenian tradisional anu aya di daérahna.